

Konsèy Jistics Anviwònmantal (EJC)

Reyinyon #9

Mèkredi 26 avril 2023

Soti 1:30 pm rive 3:00 pm

Pwosè Vèbal Reyinyon an

Kote reyinyon an fèt: Zoom webinar

Dokiman reyinyon yo: [Ajenda](#), [dyapozitv](#), [kòmantè manm konsèy la sou Estrateji EEA EJ](#)

Manm Konsèy ki te prezan:

- Melissa Ferretti
- Cheryll Holley
- Caroline Hon
- Lydia Lowe
- Marcos Luna
- Peter Maathey
- Sofia Owen
- Jen Salinetti
- Patricia Spence
- Ari Zorn

Anplwaye Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònmantal (EEA) ki te prezan:

- Rishi Reddi, Direktè Jistics Anviwònmantal (EJ) ak Prezidan EJC
- Direktè Adjwen EJ pou Kowòdinasyon Entèvenan Ekstèn yo
- María Belén Power, Sou-Sekretè EJC

Akèy ak Apèsi sou Lojistik Reyinyon an

Rishi Reddi te akeyi panelis yo ak patisipan yo. **Kecil John** te bay yon apèsi sou lojistik reyinyon an, ki gen ladan itilizasyon bwat kesyon ak repons lan (K&R) ak disponiblite entèprèt yo.

Apèl/Apwobasyon Pwosè Vèbal Reyinyon Anvan yo

Rishi te fè yon apèl manm EJC yo. Nan kòmansman reyinyon an, manm konsèy sa yo te prezan: **Melissa Ferretti, Cheryll Holley, Caroline Hon, Marcos Luna, Peter Maathey, Sofia Owen, Jen Salinetti, Patricia Spence**, ak **Rishi Reddi**.

Manm konsèy sa yo pa t prezan nan kòmansman reyinyon an, men yo te rejwenn li apre: **Lydia Lowe** ak **Ari Zorn**.

Manm konsèy sa yo pa t prezan: **Kalila Barnett, Namrita Kapur**, ak **Madeline Fraser Cook**.

Rishi Reddi te akeyi de nouvo manm EJC, **Sofia Owen** ak **Jen Salinetti**. **Sofia Owen** ak **Jen Salinetti** te prezante tèt yo ak orijin pwofesyonèl yo.

Rishi Reddi te louvri seyans la pou yon mosyon pou adopte pwosè vèbal reyinyon anvan an. Patricia Spence te mande pou adopte l. **Melissa Ferretti** te apiye mosyon an. Rishi te fè yon vòt pa apèl nominal.

Marcos Luna, Jen Salinetti, Sofia Owen, ak **Peter Maathey** te fè abstansyon paske yo pa t prezan nan reyinyon anvan an. Tout lòt manm konsèy prezan yo te aksepte pwosè vèbal yo. **Rishi Reddi** te note ke reyinyon an te atenn kowòm avèk nèf manm preznan epi sis manm te vote pou apwouwe pwosè vèbal yo.

María Belén Power, Sou-Sekretè EJC

Rishi Reddi te te akeyi Sou-Sekretè **María Belén Power**. María Belén te prezante tèt li bay publik la ak EJC a, answit li te bay yon apèsi sou orijin li. Li te remèsyé tou manm konsèy yo.

Anons

Rishi Reddi pa t gen okenn anons.

Kesyon & Repons #1

Catherine Rodriguez: Mwen soti nan Taunton. M ap viv nan yon zòn EJ. Li difisil pou mande yon ajans gouvènman an èd; li esansyèl pou kominate defavorize yo okouran de EJC a. Lè yo kontakte Border Health akòz polisyon nan lè a, yo te voye yon enspektè kay pito.

Rishi Reddi te mande pou Catherine kontakte biwo EJC a pou konnen plis.

Tina Grosowsky: Mèsi pou tout travay ou te fè. Mwen ap viv nan Hudson, Massachusetts, epi mwen fè pati Elders Climate Action Massachusetts. Ki estati konsèy/gwoup konsilitatif entè-ajans ki t ap fè rankont sou Plan Klima Enèji Pwòp la?

María Belén: Te gen plizyè inisyativ entè-ajans nan tan lontan, avèk objektif pou kreye yon kò pèmanan nan chak sekretarya. Avèk nouvo administrasyon an, nou vle kreye gwoup travay entè-ajans lan avèk yon objektif klè, epi priyorite nou se kolaborasyon. Kòm nou konnen, sante publik gen rapò ak transpò ak lojman, epi nou vle abòde pwoblèm sa yo nan yon fason olistik.

Tina Grosowsky: Èske gen yon estimasyon delè?

María Belén: Pa gen okenn dat sou papye, men dat limit sa yo detèmine alentèn. Ideyalman nan fen ete a, sekretè yo pral nonmen moun pou gwoup travay entè-ajans lan.

Rishi Reddi: Si w ap refere a Komite Konsilitatif Aplikasyon an, gwoup sa a te jwe yon wòl enpòtan nan plan Enèji Pwòp ak Klima a, men pa gen okenn plan kounye a pou reyini gwoup sa a espesyalman.

Tina Grosowsky: Pa gen anpil transparans sou pwosesis sa yo, donk mwen apresye transparans lan.

Claire Lahey: Mwen ap viv nan Lee, Massachusetts, yon kominate riral. Nou te kominke ak Sant pou Sante, Anviwònman ak Jistik epi youn nan wèbinè yo konsantre sou idantifikasyon zòn sakrifis yo nan itilize mezi polisyon lè nan tout peyi a. Èske nou kapab jwenn mezi sa yo nan kominate nou an pou idantifye yon zòn ki polye anpil? Èske polisyon lè a se youn nan mezi ou yo?

Rishi Reddi: Sa a se yon kesyon kle pou plizyè rezon. Kijan nou pral mezire estanda pou mezi polyan debaz nou yo? Polisyon lè a se youn nan eleman sa yo. Depatman Pwoteksyon Anviwònman (DEP) te deplwaye monitè sa yo avèk tan an. Ou soulve yon pwen enpòtan konsènan polisyon lè a nan Massachusetts, avèk transpò ak sous lè mobil yo ki reprezante prèske 40 poustan nan emisyon gaz a efè tèmik. Nou ap chèche mezi sa yo pou mezire pèfòmans nou nan domèn sa a. Nan kad evalyasyon enpak kimilatif nou an, nou egzamine kantite fado nan yon kominate pa rapò ak nouvo fason nou otorize papetri ak sous lè yo. Nou ta renmen fè ou fè kòmantè sou efò DEP yo ak plis ankò.

María Belén: Gen anpil travay ki déjà fèt; mezi polisyon lè a ak mezi kalite lè a se mezi n ap egzamine. Gen anpil kowalisyon nan Massachusetts ki te priyorize kalite lè a, ki pral enpòtan nan aplikasyon objektif nou te fikse pou kominate nou yo. Polisyon lè ak siveyans lè se youn nan pi gwo mezi nou pral gen pou itilize pou jwenn sipò asanble lejislativ la ak defansè yo.

#	Kesyon	Non moun ki poze kesyon an	Repons
1	Mezi polisyon lè pou idantifye «zòn sakrifis» nan kominote riral yo?	Claire Lahey	
2	Kesyon: Èske gen resous legal ki disponib pou rezidan yo nan mwatye lwès eta a pou ede rezidan katye EJ yo fè apèl kont desizyon zonaj yo, patikilyèman tou pre sit dechè ki gen enplikasyon EPA (Ajans Pwoteksyon Anviwònmantal)/DEP? Apèl yo isit la pran fòm yon depo nan Tribunal Siperyè a epi yo dwe fèt nan lespas 20 jou apre desizyon an dapre Lwa Jeneral Massachusetts c40a §17. Avoka yo te site \$ 5,000–\$ 20,000 pou ede. Sa se yon gwo obstak pou yo eggèse dwa yo genyen pou fè apèl. Èske gen resous isit la pou ede yo?	Kristen Mello	
3	Padon, bri eksteryè isit la twò fò pou pale.	Kristen Mello	
	Èske lyen pou sa a ak tout lòt dokiman ki an diskisyon yo ka pataje nan tchat la pou nou ka jwenn aksè nan yo oswa rann yo disponib yon lòt fason?	Linden Jenkins	Bonjou Linden, dokiman yo disponib isit la: https://www.mass.gov/event/public-meeting-notice-april-26-2023-remote-meeting-of-the-environmental-justice-council-ejc-2023-04-26t1800-0400-2023-04t200000-0400 . Ajenda a, dyapozitiv yo, ak dokiman kòmantè yo disponib.
4	Oh mwen wè li te fèk pataje – Mèsi.	Linden Jenkins	
5	Mwen panse ke kòmantè 8 la te sipoze [dwe] kòm «pa opozisyon a.»	Jonas Kaplan-Bucciarelli	
6	Mwen vle mete aksan sou lefètke angajman kominotè ki reyisi ak konprenansyon trè enpòtan, patikilyèman nan kèk nan zòn ki lwen nan eta a. Plizyè nan eleman estrateji ki nan lis la fèt pou rezoud pwoblèm sa a. Entansyon se youn, ekzekisyon se yon lòt. Nivo patisipasyon/asistans ke yo	Mary Ann Babinski	

atann/bezwen/egzije nan men ofisyèl gouvènman lokal yo enpòtan. Daprè mwen, ofisyèl ak òganizasyon lokal yo ka jwe yon wòl kle nan aplikasyon reyisi estrateji EJ pwopoze yo. Sa ta gen ladan I aksepte ke yo gen yon wòl pou yo jwe epi answit edike tèt yo ak piblik la. Mèsi pou opòtinite pou fè kòmantè a.		
---	--	--

Diskisyon sou Vèsyon Preliminè Estrateji EEA EJ a: Desizyon sou kòmantè EJC a

Rishi te bay enfòmasyon jeneral sou dokiman kòmantè a, ki te soti nan reyinyon inisyal 8 fevriye a. EJC te deside siprime kèk kòmantè moun yo pa t mete yo ka dakò sou yo, pandan I te travay sou yon seri kòmantè te gen yon konsansis pou yo. Yon konsiltan (ERG) te ede siprime ak konsolide divès kòmantè, sa ki te pèmèt genyen yon dokiman ki pi kout.

Caroline Hon: Mèsi anpil pou travay ou fè pou konsolide kòmantè yo.

Rishi Reddi: Èske te gen kòmantè ki te bezwen klarifikasyon, oswa ou panse nou bezwen plis diskisyon nan mitan gwoup nou an?

Marcos Luna: Atik nimewo 8, mwen te vle ofri yon klarifikasyon. Gen yon mo ki manke, «Nan yon kominote ki opoze a kominote k ap tann... «èске li ta pi klè pou di «olye de kominote k ap tann»?

Jen Salinetti: Wi, se yon chanjman langaj ki itil.

Ari Zorn: Mwen dakò.

Sofia Owen: Nimewo 11, kote li pale sou itilizasyon «langaj senp» konsènan odyans ki pa teknik: Yon sèl bagay ka merite ajoute – li bezwen yon langaj senp, aksesib pou moun nan kominote a akòz inegalite ki egziste deja, ki ta ka klase kòm yon nivo lekti katriyèm ane.

Rishi Reddi: Èske w pwopoze mete «nivo lekti katriyèm ane» nan kòmantè a?

Sofia Owen: Materyèl k ap distribye yo ta dwe nan yon nivo lekti katriyèm ane kòm yon baz referans.

Lydia Lowe: Li varye selon gwoup langaj; li enpòtan pou gen atansyon sou nivo alfabetizasyon an.

Patricia Spence: Mwen dakò avèk chwa mo yo epi avèk enpòtans lan an jeneral. Nou tcheke kare a lè nou tradui nan diferan lang, men li enpòtan pou nou konsantre nou sou alfabetizasyon nan lang yo.

Rishi Reddi: Èske li pi enpòtan pou kenbe li jeneral (sa vle di, atansyon sou nivo alfabetizasyon) oswa konsantre sou katriyèm ane?

Ari Zorn: Atansyon a nivo alfabetizasyon yon sanble pi amikal epi yo pa ensiltan.

Peter Maathey: Mwen renmen mansyone nivo lekti katriyèm ane - li ajoute espesifisite ak konsèy, ak nyans selon lang nan.

Rishi Reddi: Nou te ka mete aksan sou tou de eleman yo - atansyon a nivo alfabetizasyon tankou yon deziyasyon estanda katriyèm ane. Ki sa moun yo panse de enkli tou de?

Marcos Luna: Mwen dakò avèk toude — deziyasyon estanda nan nivo lekti katriyèm ane. Pou sitiye kontèks la, nòm jounal yo nan yon nivo lekti sisyèm ane.

Sofia Owen: Sa fonksyone avèk mwen. Yon pati nan sa m ap panse a li isit la sè ke twò souvan se defansè ak òganizasyon ki baze nan Kominote yo ki gen chaj pou pran bagay yo epi dekonpoze yo pou nou, anplwaye, ak volontè, answit difize yo nan kominote a. Fè sa vin yon egzijans nan nivo eta a ta rann bagay yo pi aksesib nan tout nivo yo.

Rishi Reddi: Lydia ak Ari, èske nou dakò?

Lydia Lowe ak Ari Zorn: Wi.

Jen Salinetti: Sou eleman 1 an, rekòmandasyon pou mete aksan sou youn oswa de efò pilòt - èske nou ta ka presize youn nan vil epi youn riral?

Rishi Reddi: Sa fè sans pou mwen. Omwen youn nan vil epi youn riral?

Jen Salinetti, Marcos Luna, ak Melissa Ferretti te dakò.

Jen Salinetti: Mwen gen yon kesyon sou 17 la. Mwen mande ki diferans ki genyen ant «tout kominate yo» ak «atravè Commonwealth la.»

Marcos Luna: Èske li fè sans pou w reflechi sou ki moun w ap konpare, konpare sa k ap pase ant reydon yo? Èske sa a tou nan move zèb yo?

Rishi: Èske w ap pwopoze de konparezon - atravè Commonwealth la ak atravè reydon yo (egzanp, kotyè, andedan)? Èske nou ta dwe rezime kèk kategori?

Lydia Lowe: Nou ka ajoute yon «ak/oswa rapòt parapò ak kominate ki nan menm pozisyon an...»

Manm Konsèy yo te dakò.

Jen Salinetti: Kesyón sou 25 la, «èske gen yon analiz debaz pou travay aktyèl nan kominate EJ yo nan ajans yo»— èske nou atann pou sa fè pati travay estrateji inisyal la, pou nou konnen ki kote nou soti oswa ki kote nou prale?

Rishi Reddi: Yo te bay mezi yo anpil atansyon - ta gen yon baz referans.

Jen Salinetti: Sou liy 27 la- Mwen ta ajoute «edikasyon» pou «klärifye estrateji pou ogmante edikasyon ak aksè nan enstalasyon rekreyatif yo...»

Rishi Reddi: Nou te ka presize kisa edikasyon an ye.

Jen Salinetti: Istorikman te gen kominate yo te chase nan espas rekreyatif yo-ki sa sa vle di aprann sou espas la limenm, santi yo an sekirite nan espas la, konnen yo ka aksede a konesans. Nou ka ajoute «ogmante konsyantizasyon sou disponiblite ak aksè nan enstalasyon rekreyatif yo.»

Patricia Spence: Mwen dakò nèt. Gen anpil espas kominate a pa okouran de yo.

Rishi Reddi: Èske gen moun ki gen sijesyon anplis?

Lydia Lowe: Èske nou ka retounen nan nimewo 27 la? Mete «ogmante konsyantizasyon» nan fraz la.

Rishi Reddi: Gen objeksyon?

Marcos Luna: Mwen ta ajoute «enklizyon.»

Patricia Spence: Mwen renmen mo «utilizasyon» an.

Sofia Owen: Kòmantè mwen an gen rapò ak 27 la men li ale nan yon lòt sans. Gen yon tèl diferans ant kominate ki gen popilasyon EJ yo ak sa yo ki pi blan ak pi rich, ki gen pyebwa ak pak. Li enpòtan pou kenbe ak elají espas vèt kote ki disponib ak kote efè zile chalè a pi mal.

Rishi Reddi: Èske ou pwopoze sa a kòm yon kòmantè konplètman differan?

Sofia Owen: Wi, eleman ki sanble pi ijan pou mwen yo ap klarifye estrateji a pou asire ke espas vèt nan zòn ki gen popilasyon EJ yo antreteni ak jwenn resous egalman.

EJC te ajoute yon nouvo kòmantè, kòmantè nimewo 28.

Lydia Lowe: Sa garanti gen espas vèt ki etabli, antreteni, ak jwenn resous.

Ari Zorn: Lè ou te pale okòmansman ou te itilize mo egalman, ki ta dwe la yon fason oswa yon lòt.

Sofia Owen: Ekitabman fè plis sans pase egalman.

Rishi Reddi: Mwen panse nou ta dwe itilize mo ki konsantre sou lefèt ke gen kèk kominate ki bezwen plis atansyon.

Lydia Lowe: Mwen panse ekitabman fonksyone pi byen - pa nesesèman egal, men plis nan yon tèm istorik.

Marcos Luna: Nan nimewo 27 la, nou ta dwe di «kanope pyebwa.»

Patricia Spence: Itilize mo «ogmante olye de amelyore.»

Cheryll Holley: Kòmantè nimewo 27 la, pa sèlman *nan* kominote EJ yo, men kominote EJ yo «*tilize*».

Marcos Luna: Reyalite a sè ke nou vle konsantizasyon k ap ogmante a pi ekitab an jeneral. Yon pa nou vle tout kominote yo gen aksè adekwa, yon lòt pa nou vle tou adrese moun ki te istorikman defavorize yo.

Cheryll Holley: Nou ka di «*tilizasyon enstalasyon rekreyatif leta yo*.»

Rishi Reddi: Mwen ta renmen di «popilasyon» EJ olye de «*kominote yo*.» Nou bezwen asire ke eta a ap panse sou «fason popilasyon EJ yo *tilize* pak sa yo? Kijan nou ka ogmante konsantizasyon, disponiblite, ak *tilizasyon yo?*» Mwen pa panse nou ka konprann detay yo nan kòmantè sa a.

Jen Salinetti: Mwen panse liy nimewo liy 27 la ta ka aplike egzakteman nan Depatman Resous Agrikòl Massachusetts (liy 25), aplike nan tè agrikòl pito.

Rishi Reddi: Nou te ka di «aplike a tout plan ajans leta yo» nan dènye kolòn nan.

Jen Salinetti: Èske li nesesè pou gen yon bagay ki mansyone mezi yo?

Rishi Reddi: Mezi parèt nan kòmantè yo sou yon fòm oswa yon lòt pou tout ajans yo.

Peter Maathey: Nou te pale enpe sou mezi yo men tou, si eleman kle sa yo ta dwe enkli nan estrateji a, mezi yo ta ka ajoute nan sa ki konsène egzekisyon ak plan taktik yo. Nan kad revizyon nou an, nou ta ka kapab bay ak mete anfòm detay sa yo.

Marcos Luna: Nan dokiman sa a nou di yo pou yo elabore mezi yo, men nou vle yon dezyèm opòtinite pou revize yo.

Peter Maathey: EJC espere nou ta kapab detèmine si mezi yo apwopriye lè nou revize yo.

Marcos Luna: Mwen ta renmen fè sa; li ta bon pou konsèy la pwononse l sou jan egzekisyon an ye.

Rishi Reddi: Se yon bagay nou ka mete nan dokiman kòmantè a - konsèy la gen entansyon revize estrateji final la ak kòmantè yo nan yon dat apre.

Jen Salinetti: Mwen ta favorab a posiblite pou revize l ak fè kòmantè sou li lè li fini. Èske nou ka ajoute ekspresyon «revizyon peryodik kontinyèl»? Liy 3 mansyone sa espesyalman.

Sofia Owen: Mwen dwe pran yon lòt angajman; mwen ta renmen gen plis tan anvan m vote.

Vòt sou Kòmantè Estrateji EEA EJ yo

Rishi Reddi: Èske gen moun ki vle adopte dokiman sa a? Objektif nou pou reyinyon sa a se te adopte dokiman sa a.

Ari Zorn: Mwen pral adopte chanjman sa yo.

Lydia Lowe: M ap apiye l.

Rishi Reddi te fè vòt la pa apèl nominal. **Sofia Owen** te vote non. Tout lòt manm konsèy aktyèl la te vote wi.

Vòt la pote sou apwobasyon dokiman sa a pou soumèt kòm yon dokiman konsansis. Manm EJC yo ka toujou soumèt kòmantè endividyle nan moman sa a.

Pwochen Etap ak Fen

Rishi Reddi te pwopoze pou l ranvwaye. **Patricia Spence** te sispansyon. **Ari Zorn** te apiye. Yo te fè apèl la epi manm EJC yo te dakò pou ranvwaye. Reyinyon an te fini a 3:30 pm